Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEZIYASYON DIVIZYON APÈL NAN KATRIYÈM DEPATMAN AN

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a yo deziyen Jij Erin S. Skinner kòm Jij Adisyonèl nan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm nan, Katriyèm Depatman.

"Nouyòkè yo merite yon sistèm jidisyè kote se entegrite ak ekselans ki defini l," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gwo eksperyans Jij Skinner nan domèn jiridik ak angajman san fay li anvè jistis fè li eksepsyonèlman kalifye pou wòl sa a, epi mwen gen konfyans li pral sèvi Nouyòkè yo avèk jistis ak enpasyalite."

Jij Erin S. Skinner

Yo te eli Jij Erin S. Skinner nan Tribinal Siprèm Eta Nouyòk pou Setyèm Distri Jidisyè a nan novanm 2024. Kounye a, li prezide sou litij sivil, tankou zafè Lwa Travay, blesi pèsonèl, relasyon matrimonyal ak sezi ipotèk.

Anvan eleksyon li, Jij Skinner te sèvi kòm Grefye Prensipal Jiridik pou Onorab Joanne Winslow (Retrete) ak Onorab Mark Montour nan Divizyon Apèl la, Katriyèm Depatman. Nan pozisyon sa a, li te travay sou yon pakèt pwosedi apèl sivil ak kriminèl. Soti 2019 rive 2021, li te sèvi tou kòm Grefye Tribinal nan Tribinal Apèl Eta Nouyòk, ki se pi gwo tribinal nan Nouyòk.

Anvan sèvis li nan tribinal apèl Nouyòk yo, Jij Skinner te travay kòm Defansè Piblik Asistan nan Biwo Defansè Piblik Konte Monroe, kote li te reprezante kliyan nan zafè kriminèl epi li te parèt regilyèman devan tribinal jijman Konte Monroe yo. Eksperyans li nan defann moun k ap navige sistèm jistis la te ba li bon jan konpreyansyon sou konsekans desizyon jidisyè yo ak enpòtans pou tribinal la tande chak moun ki nan litij avèk jistis ak respè, yon pèspektiv li kontinye pote nan travay li sou ban tribinal la.

Pandan tout karyè li nan domèn jiridik, yo te envite Jij Skinner pou prezante pwogram edikatif pou asosyasyon avoka ak òganizasyon pwofesyonèl sou sijè tankou defans nan apèl ak pratik devan tribinal apèl Nouyòk yo. Li te pale tou sou enpòtans sante mantal, byennèt ak rezilyans nan pwofesyon jiridik la. Li te anseye Entwodiksyon nan Dwa ak Etid Jiridik, ansanm ak Dwa Konstitisyonèl I, pou etidyan nan nivo lisans nan SUNY Brockport.

Li gen yon diplòm lisans nan anglè nan SUNY Cortland epi li resevwa diplòm J.D. li, magna cum laude, nan Syracuse University College of Law.

Jij Prezidan Gerald Whalen te deklare, "Nou kontan anpil pou nou akeyi Jij Erin Skinner nan Divizyon Apèl la, Katriyèm Depatman, kòm Jij Asosye. Jij Skinner pa etranje pou Tribinal nou an. Anvan yo te eli li nan Tribinal Siprèm nan pou Setyèm Distri Jidisyè a, Jij Skinner te sèvi kòm grefye jiridik konfidansyèl pou de jij Katriyèm Depatman an epi kòm avoka tribinal nan ekip rechèch jiridik Tribinal nou an. Istwa ak eksperyans Jij Skinner genyen avèk Tribinal nou an pral yon gwo avantaj pandan l ap kòmanse nouvo wòl li kòm Jij Asosye."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.